



Massachusetts' Consumer Assistance Program

Joint Committee for Children's Health Care in Everett se youn nan 10 asosye Health Care For All (Massachusetts' Consumer Assistance Program) idantifye pou ede abitan yo konprann enpòtans ak benefis pou eta Massachusetts antre nan Affordable Care Act.

Gras a nouvo Affordable Care Act sa, ap gen nouvo opsyon asirans bon mache disponib pou moun ki pa gen asirans ditou.

- o Tout plan asirans ap kouvri anndan plan sa:
 - o Vizit doktè
 - o Ospitalizasyon
 - o Swen matènite
 - o Swen ijans
 - o Preskripsyon
- o Gen èd finansyè ki disponib konsa wap jwenn you plan ki antre nan bidjè-w.
- o Tout plan asirans yo pral gen pou montre byen klè pri sèvis yo ak ki sèvis yo bay.
- o Sevis asirans yo paka refize-w swen sou preteks ke ou te malad avan-w te vin kote yo.
- o Wap jwenn enfòmasyon nan lang pa-w sou entènèt, nan telefòn, ou byen vini an pèsòn pou-w jwenn plan kap mache pi byen pou ou a.



1(800)272-4232

www.hcfama.org/helpline

Ann ede kominote nan nap viv la



- Ann ede pote you diferans nan kote nap viv nan fe volontarya nan kominote a. Gen plizyè fason ou ka ede moun nan kominote a directly menm si se pou 1 nèt tan menm si se 1 jou.
- Fè volontè ap bay plis konfyans nan ou menm, sa ap fè-w vin pozitif ak pwòp tèt pa-w pandan wa-p ede lòt moun tou.
- Ede kominote kote wa-p viv la enpòtan pou plizyè rezon is. Sa louvri vizyon sou lemond, ou aprann nouvo bagay, ou devlope espri pozitif, ou pran plis eksperyans, epi-w fè nouvo kontak. An plis, ede kominote kote wa-p viv la se toujou yon bagay extraòdinè.




Ede lòt moun se toujou yon bagay enteresan e se you jès jenerozite. Ou santi kè-w ak lespri-w lejè le ede zòt.



Ansanm nou ka fè yon diferans.

JOINT COMMITTEE FOR CHILDREN'S HEALTH CARE IN EVERETT



Misyon Nou

Joint Committee for Children's Health Care in Everett (JCCHCE) se yon òganizasyon san pwofi ki kwè ke se dwa tout fanmi, timoun tankou granmoun kak viv nan Everett ak lòt zòn alantou yo pou yo jwenn swen sante ki apwopriye; epi tou konesans nesese pou ede yo viv an sante pou yo ka vin yon manm pwodiktif nan kominote .

JCCHCE angajel nan misyon pou-l batay pou tout moun jwenn aksè a bon kalite swen sante, granmoun tankou timoun. Pou-l ka ranpli misyon sa òganizasyon an travay kole kole avèk paran yo, edikatè, pwofesyonèl nan domèn lasante, manm òganizasyon sivik, gwoup edikasyon sanite, pwogram sèvis kominotè, avèk lòt inisyativ nan domèn lasante.



Objektif Nou

Men ki objektif JCCHCE bay tèt li. E lap travay pou-l aplike yo avèk anpil lòt, de fason pou tout timoun ak tout fanmi ka viv an sante.

- ◆ Kontinye bay timoun, fanmi ak granmoun aksè pou jwen sante nan pwopaje enfòmasyon, epi fè demach pou jwenn èd pou edikasyon yo.
- ◆ Sansibilize paran yo, edike yo epi defann dwa yo.
- ◆ Travay pou amelyore sante mantal timoun, jèn, tinedyè ak fanmi.
- ◆ Ankouraje pou ta gen plis sèvis medikal nan lekòl yo.
- ◆ Kreye mwayen pou jwenn plis lajan ak resous; pou òganize pwogram ki gen rapò ak lasante epi investi nan aktivite JCCHCE ap gen pou òganize pi devan.
- ◆ Sipòte epi ankouraje gwoup KUBS group ki gen timoun tout souch ladanl. Chak grenn nan nou gen menm objektif; se bay patisipasyon pa nou nan ede lekòl yo , nan ede fanmi yo you fason pou nou bay lavi tout moun youn lòt sans.

KUBA

KUBA aji tankou yon Konsèy ki rasanble paran pou "Joint Committee for Children's Health Care" nan Everett ak lòt kominote ki nan zòn lan depi 1994. Gwoup sa te fòme pou sipòte JCCHCE nan misyon li pou asire-l ke tout timoun ak granmoun nan Everett ak zòn alantou yo jwenn bon jan kalite sèvis swen sante ki nan limit pòch yo. Yo aji tou tankou vwa kap defann kòz paran avèk moun ki gen gad timoun.

KUBA konpoze pa paran volontè, granpè, granmè ak lòt manm ki nan kominote a ki vle kontribye nan lasante ak nan byennèt timoun ak fanmi kap viv nan Everett

Tout moun envite!
Tanpri vi-n patisipe avèk nou!
Nou ka ede youn lòt.



Biwo JCCHCE gen aksè pou moun andikape e li plase nan kè Everett City Hall, dezyèm etaj. Chanm 27. Adrès biwo fasil pou moun kap pran transpò piblik yo ka pran bis MBTA nimewo 104, 109 and 99 . Si ou menm oubyen you moun ou konnen ta renmen fè volontè nan òganizasyon nou an, tanpri telephone nou san ezite.

KUBS

Kids United By Service (KUBS) konpoze pa tinedyè lokal ki deside pote you diferans nan kominote a nan fason yap viv. Jenn timoun sa yo sipòte JCCHCE ak KUBA nan tout aktivite yo. Yo jwe you wòl enpòtan nan siksè nou.



Joint Committee for Children's Health Care in Everett
484 Broadway, City Hall, Room 27
Everett MA 02149
Phone: (617) 394-2414 / 0606
E-mail: Jtcomm4children@comcast.net
Website: www.jchce.org

This program is funded through the generosity of Blue Cross Blue Shield Foundation Grant, Jessie B. Cox Foundation and the Ludcke Foundation